

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Prosés diajar-ngajar dibeungkeut ku hiji sistem anu komponén-komponén dijeronana silih ngarojong kana pembelajaran. Komponén-komponén dina ieu sistem téh nya éta tujuan pembelajaran, matéri (bahan ajar), media, stratégi (métode pembelajaran) jeung évaluasi dina pembelajaran. Ieu komponén-komponén téh ngawangun hiji pembelajaran anu lengkep, nya éta mangrupa interaksi sacara aktif jeung silih mangaruhan. Ieu sistem téh disebut sistem pembelajaran.

Dina prosés diajar-ngajar, sistem pembelajaran téh kalintang pentingna, sabab komponén-komponénna silih ngarojong hiji jeung nu liana. Lamun salah sahijina leungit, tangtu 'prosés diajar-ngajar ogé moal lumangsung kalayan lancar. Ieu hal luyu jeung pamadegan anu diébrehkeun ku Susilana, *spk* (2006:103)

“Pembelajaran mangrupikeun prosés interaksi antara komponén-komponén sistem pembelajaran. Konsép jeung pembelajaran bisa dicangkem ku cara nganalisis aktivitas komponén pendidik, peserta didik, bahan diajar, media, alat, prosédur jeung prosés diajar.”

Anu kahiji disiapkeun dina sistem pembelajaran nya éta nangtukeun matéri anu rék diajarkeun ka siswa. Materi pembelajaran téh sabenerna mah

“eusi” tina kurikulum, anu mangrupa widang studi jeung topik/subtopik ngawengku wincikanana. Nurutkeun Susilana, *spk* (2006:111), “*Sacara umum eusi kurikulum bisa dibagi jadi tilu unsur utama nya éta logika (élmu ngeunaan bener-salah), étika (élmu ngeunaan hadé-goréng), jeung éstétika (élmu kaéndahan).*”

Satuluyna nangtukeun tujuan anu rék dihontal dina pembelajaran. Anu katilu nya éta nangtukeun métode atawa stratégi pembelajaran. Métode anu digunakeun gumantung kana tujuan anu baris dihontal. Naha sasaranna téh sikep atawa kaparigelan siswana, sabab dina ngetésna bakal béda. Sedengkeun dina media, gumantung kana métode anu digunakeunana, sabab tiap métode miboga kabutuhan anu béda-béda.

Terahir, nya éta évaluasi pembelajaran, anu fungsina pikeun ngajén naha hasil anu dimeunangkeun téh ngahontal kana tujuan anu geus ditangtukeun atawa henteu. Ieu hal luyu jeung anu disebutkeun ku Norman E. Gronlund dina Purwanto (2009:3) “*Evaluation... a systematic process of determining the extent to which instructional objectives are archived by pupil.*” (Evaluasi nya éta hiji prosés anu sistematis pikeun nangtukeun atawa nyieun kaputusan nepi ka mana tujuan-tujuan pangajaran geus dihontal ku siswa).

Évaluasi mangrupa hal anu teu bisa dipisahkeun tina kagiatan pendidikan jeung pangajaran. Tujuanna sangkan urang nyaho hadé goréngna hasil dina kagiatan pembelajaran, sarta pikeun ngukur, naha élmu anu diajarkeun téh geus bisa kahontal luyu jeung tujuan anu geus dijieun saméméhna atawa henteu. Salian ti éta, ku ayana

évaluation, guru bisa nyaho kasalahnana, ku kituna guru moal ngalakukeun kasalahan anu sarua. Ieu hal luyu jeung anu disebutkeun ku Ralph Tyler dina Farida Yusuf Tayibnapi (2000: 3) anu nétélakeun:

Évaluasi téh mangrupa prosés anu nangtukeun nepi ka sa jauh mana tujuan pendidikan bisa dihontal. Hakékatna mah évaluation téh lain ngan saukur meunteun hasil diajar siswa wungkul, tapi meunteun ogé kumana prosés diajar-ngajar anu dilaksanakeunnana, sarta méré 'umpan balik' ka guru sangkan leuwih hadé dina ngajarna.

Ku kituna, nilik tina wangenan materi, tujuan, métode, média jeung évaluation pembelajaran diluhur, komponén-komponén dina sistem pembelajaran antara hiji jeung anu liana téh mangrupa hiji bengkeutan anu teu bisa dipisahkeun. Ieu hal ogé luyu jeung anu disebutkeun ku Purwanto dina Solihin (2003:2) ngeunaan léngkah-léngkah dina kagiatan prosés diajar-ngajar.

1. Nyiapkeun/ngarumuskeun tujuan-tujuan instruksional anu mangrupakeun *learning outcomes*.
2. *Processing the learns needs*, ngayakeun panalungtikan kana pangabutuh siswa dina hubunganna jeung *learning outcomes* anu bakal dihontal
3. Ngayakeun pangajaran anu rélévan
4. Ngaévaluation
5. Ngagunakeun hasil évaluation

Wangun évaluation aya anu mangrupa tés jeung nontés. Tés anu dijadikeun alat pikeun ngukur kamampuh kudu mibanda sarat-sarat anu hadé, nya éta validitas tés, tingkat hésé babarina, tingkat daya pangbéda jeung tingkat réliabilitas tés.

Wangun tés aya dua nya éta tés formatif jeung tés sumatif (Purwanto, 2009:26). Tés formatif leuwih nyoko kana cara diajar siswa jeung évaluation keur

guruna, sedengkeun tés sumatif pikeun ngukur kamampuh siswa dina diajar. Wangun tés sumatif biasana mangrupa soal ujian anu dilaksanakeun di ahir prosés pangajaran anu ngawéngku soal-soal tina materi anu geus dibikeun ku guru, kalayan maksud pikeun nguji siswa geus nyangking atawa henteu kana sakabéh pangajaran anu geus diajarkeun.

Hasil ujianna, dipaké pikeun mikanyaho jeung jadi *tolak ukur* siswa mana anu ngabutuhkeun bantuan akademikna. Hasil ujian ogé bisa nangtukeun hadé goréngna soal ujian, sabab soal ujian anu hadé bakal ngeruk kamampuh siswa anu hadé ogé. Nilik kana pentingna peranan évaluasi dina pembelajaran, panalungtikan ngeunaan évaluasi téh perlu dilaksanakeun.

Sakola mangrupa lembaga pendidikan anu jadi '*wadah*' pikeun pembelajaran dilaksanakeun. Sakola ogé mangrupa tempat dimana loba individu anu miboga sababaraha karakter jeung tingkat kamampuh anu béda. Sedengkeun sakola anu dijadikeun objék pikeun ieu panalungtikan nya éta SMP Negeri 29 Bandung.

Puseur dina ieu panalungtikan nya éta kualitas soal Ujian Akhir Semester (UAS) anu digunakeun di SMP Negeri 29 Bandung. Panalungtikan anu medar ngeunaan analisis alat évaluasi hasil diajar ogé kungsi dilaksanakeun ku Irma Maulida Sutjipto anu judulna "*Analisis Ujian Ahir Semester Mata Pelajaran Basa Sunda nu Digunakeun di SMU Pasundan 2 Bandung taun 2003/2004*" jeung panalugtikan meunang Ali Solihin "*Kualitas Instrumen Évaluasi Mata Kuliah Psikolinguistik di Jurusan Pendidikan Basa Daérah FPBS UPI Taun Ajar 2002/2003*."

Sedengkeun analisis ngeunaan soal Ujian Ahir Semester (UAS) di SMP 29 Bandung mah can aya anu kungsi nalungtik.

Ieu panalungtikan ngukur kumaha kualitas soal Ujian Ahir Semester (UAS) anu digunakeun di SMP Negeri 29 Bandung. Sabab, goréngna hiji tés anu dipaké, bakal ngabalukarkeun ogé goréngna kualitas siswa anu nyangkem élmu éta. Ku kituna ieu panalungtikan judulna **Analisis Soal Ujian Ahir Semester (UAS) Basa Sunda SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajar 2010/ 2011**

1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Masalah pokok dina ieu panalungtikan nya éta kumaha kualitas soal Ujian Akhir Semester (UAS) basa Sunda di SMP Negeri 29 Bandung 2010/2011 semester gangsal. Ku kituna ieu panalungtikan medar ngeunaan kualitas soal ditingali tina réalibilitas soal, hésé babarina soal, daya pangbéda, jeung validitas soal.

Nurutkeun Arikunto (2008:65) Validitas dibagi jadi dua nya éta validitas logis jeung validitas émpiris. Validitas logis aya dua rupa nya éta validitas eusi jeung validitas konstruksi, sedengkeun validitas émpiris ogé dibagi jadi dua nya éta validitas prédiksi jeung validitas “*ada sekarang*”. Dina ieu panalungtikan, panulis ngawatesanan medar soal ujian Ahir Semester dumasar kana validitas logis wungkul, nya éta soal dianalisis dumasar kana validitas eusi jeung validitas konstruksi.

Dina validitas eusi, soal dibandingkeun jeung SKKD, indikator jeung buku ajar anu digunakeun. Sedengkeun dumasar kana valiitas konstruksi, soal dibandikeun jeung tujuan pembelajaran silabus.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha validitas eusi jeung validitas konstruksi soal Ujian Akhir Semester (UAS) SMP Negeri 29 Bandung?
- 2) Kumaha tingkat réliabilitas soal Ujian Akhir Semester (UAS) SMP Negeri 29 Bandung?
- 3) Kumaha tingkat hésé babarina soal Ujian Akhir semester (UAS) SMP Negeri 29 Bandung?
- 4) Kumaha daya pangbéda soal Ujian Akhir Semester (UAS) SMP Negeri 29 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum ieu panalungtikan téh nya éta pikeun mikayaho kualitas soal Ujian Akhir Semester (UAS) anu aya di SMP Negeri 29 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadeskripsikeun

- 1) Tingkat validitas eusi jeung validitas konstruksi soal Ujian Ahir Semester (UAS) basa Sunda SMP Negeri 29 Bandung taun ajar 2010/2011
- 2) Tingkat réliabilitas soal Ujian Ahir Semester (UAS) basa Sunda SMP Negeri 29 Bandung taun ajar 2010/2011
- 3) Tingkat hésé babarina soal Ujian Ahir Semester (UAS) basa Sunda SMP Negeri 29 Bandung
- 4) Daya pangbéda soal Ujian Ahir Semester (UAS) basa Sunda SMP Negeri 29 Bandung taun ajar 2010/2011

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Teoritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mikanyaho kualitas soal anu aya di SMP Negeri 29 Bandung ditilik tina réliabilitas, validitas eusi jeung validitas konstruksi, tingkat hésé babarina, sarta daya pembédana. Hasilna dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas guru basa Sunda, hususna dina nyieun soal ujian di SMP. Salian ti éta, panalungtikan ieu ogé dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas siswa dina nyangkem pangajaran basa Sunda, sarta nyieun bank soal basa Sunda anu miboga kualitas hadé.

1.4.2 Manfaat Praktis

Diharepkeun ieu panalungtikan téh bisa méré gambaran kumaha soal anu hadé pikeun guru kahareupna. Salian ti éta, diharepkeun ogé bisa ningkatkeun kualitas soal-soal Ujian Ahir Semester (UAS) hususna di SMP Negeri 29 Bandung.

1.5 Wangenan operasional

Sangkan ieu panalungtikan téh puguh kana maksudna, tujuan jeung sasaran, baris ditataan heula istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

- 1) Analisis soal ujian nya éta panalungtikan ngeunaan soal-soal dina hiji tés dumasar kana validitas, reliabilitas, hésé babarina soal jeung daya pangbéda anu miboga tujuan pikeun meunangkeun soal anu miboga kualitas hadé.
- 2) Validitas nya éta kasahéhan instrumén penilaian kana naon anu rék dipeunteun, maksudna menteun naon anu sakuduna dipeunteun dumasar kana tujuan anu geus dijieun saméméhna. Ku kituna dina validitas, hususna validitas logis, soal kudu dibandingkeun jeung buku ajar, matéri atawa tujuan pembelajaran.
- 3) Réliabilitas (*terpercaya/ajeg*) hartina ajegna hiji alat tés dina meunteun naon anu kudu dipeunteunna (konsisten).
- 4) Ujian Akhir Semester nya éta sababaraha patalékan anu kudu ditéangan jawabanana nalika ahir pangajaran, pikeun ngukur kamampuh siswa dina nyangking matéri pangajaran salila sasemester.

Tina wangenan istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén ieu panalungtikan téh nganalisis soal Ujian Akhir Semester (UAS) basa Sunda anu dilaksanakeun di SMP Negeri 29 Bandung semester gangsal taun ajar 2010/2011.

1.6 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta

- 1) Unggal prosés diajar ngajar pasti ditungtungan ku évaluasi
- 2) Unggal tés/ujian bisa diukur tingkat validitas, kapraktisanana jeung tingkat réalibitasna.
- 3) Lulus henteuna siswa dina hiji mata pelajaran téh diukur ku alat évaluasi (soal ujian)

1.7. Métodé Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta déskriptif, métode statistik déskriptif jeung statistik inférensial. Métode déskriptif digunakeun pikeun ngagambarkeun objék anu ditalungtik tur ngébréhkeun aspék-aspék anu dijadikeun puseur dina panalungtikan. Métode statistik déskriptif digunakeun pikeun ngitung skor rata-rata anu dihontal siswa, jeung simpangan baku (SB). Sedengkeun métode statistik inferensial digunakeun pikeun ngagambarkeun tingkat validitas soal, daya pangbéda, tingkat hésé babarina soal, jeung tingkat réliabilitasna.